

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Setting Panalungtikan

Setting panalungtikan ngawengku: lokasi, subjék, jeung waktu pelaksanaan panalungtikan.

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan kuasi ékspérimen dilaksanakeun di SMP Negeri 35 Bandung, Jl. Dago Pojok No. 12 Telp. (022) 2505332 Bandung.

3.1.2 Subjék Panalungtikan

Subjék ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung, kalayan jumlah siswa 37 urang, 18 siswa awéwé jeung 19 siswa lalaki.

3.1.3 Waktu Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun dina Semester Genap taun ajaran 2012/2013. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dua kali. Panalungtikan nu kahiji nya éta pikeun meunangkeun data pratés anu dilaksanakeun dina tanggal 21 Méi 2013. Sedengkeun panalungtikan nu kadua nya éta pikeun meunangkeun data postés anu dilaksanakeun tanggal 28 Méi 2013.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain dihartikeun rarancang. Desain atawa rarancang dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung lumangsungna panalungtikan.


Nurutkeun Campbel jeung Stanley (dina Arikunto, 2010:123) dumasar kana hadé-goréngna ékspérimén, atawa sampurna-henteuna ékspérimén sacara gurat badag desain panalungtikan ékspérimén kabagi jadi dua, nya éta:

- 1) *Pre Eksperimental Design* atawa ékspérimén teu sampurna; jeung
- 2) *True Eksperimental Design* atawa disebut ogé ékspérimén murni.

Desain kuasi ékspérimén aya tilu rupa, nya éta: (1) *one shot case study*; (2) *pre-test and post-test group*; jeung (3) *group comporsion*. Anu digunakeun dina

ieu panalungtikan nya éta desain The one-group pretest-posttest design. Ieu desain panalungtikan téh dibagankeun saperti ieu di handap.

DESAIN PANALUNGTIKAN



(Arikunto, 2010:124)

Keterangan:

O_1 : Pratéés

O_2 : Postés

X : Perlakuan/ Treatment

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta hiji cara ilmiah pikeun meunangkeun data nu valid kalayan tujuan pikeun mekarkeun jeung ngabuktikeun hiji pangaweruh anu ahirna bisa digunakeun pikeun pamahaman jeung ngungkulan masalah diwidang atikan (Sugiyono, 2011:6).

Méthode anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén. Ékspérimén mangrupa méthode anu produktif, sabab dilaksanakeun pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun. Panalungtikan ngagunakeun méthode ékspérimén miboga maksud pikeun nalungtik hubungan sebab-akibat (cause and effect relationship), ku cara némbongkeun hiji atawa leuwih ti hiji kelompok ékspériméntal jeung hiji atawa leuwih ti hiji kondisi ékspériméntal (Syamsudin, 2009:150).

3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional téh mangrupa wangenan sacara umum ngeunaan variabel-variabel anu aya dina ieu panalungtikan, boh variabel bebas boh variabel kauger.

- 1) Stratégi *writing in the here and now* nya éta hiji stratégi pangajaran anu diterapkeun dina prosés lumangsungna hiji pangajaran ku cara nitah siswa pikeun nuliskeun hiji laporan tindakan danget ayeuna tina hiji pangalaman nu

Ika Sartika, 2013

Stratégi Writing In The Here And Now Pikeun Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pernah dialami (saolah-olah éta tindakan kajadian di dieu jeung harita kénéh).

- 2) Pangajaran nulis karangan éksposisi nya éta pangajaran nulis karangan anu eusina ngajéntrékeun tur medar hiji objék, prosésna, tujuanana, pikeun ngajembarkeun pangaweruh hiji jalma. Sakapeung sok disebut wacana prosedural lantaran ngagambarkeun cara ngalaksanakeun hiji pagawéan. Aya genep aspék anu baris diajén pikeun nangtukeun mampuh atawa teu mampuhna siswa dina ieu pangajaran, di antarana: 1) kualitas jeung lingkup eusi; 2) organisasi jeung tampilan eusi; 3) gaya basa; 4) wangun gramatikal; 5) éjaan; jeung 6) karapihan tulisan.

Jadi anu dimaksud “Stratégi *writing in the here and now* pikeun Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi” nya éta gambaran efektif-henteuna stratégi *writing in the here and now* pikeun pangajaran nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung Taun Ajaran 2012/2013.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta hiji alat nu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam atawa sosial anu keur ditalungtik. Sacara spésifik, sakabéh fénoména disebut variabel panalungtikan (Sugiyono, 2011:148)

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa lembar soal tés. Tés anu digunakeun nya éta tés subjektif nu umumna bentuk pemaparan. Ieu tés dipilih lantaran dianggap saluyu pikeun ngébréhkeun kamampuh hasil diajar siswa dina nulis karangan éksposisi. Téma anu ditawarkeun nya éta ngeunaan prosedur nyieun kadaharan. Ieu lembar soal téh pungsina pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kamampuh nulis karangan éksposisi antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi *writing in the here and now*.

Format paréntah guru ka siswa dina pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun stratégi *writing in the here and now* saperti ieu di handap.

Prak jieun karangan éksposisi kalayan téma cara nyieun kadaharan!

3.6 Téhnik Panalungtikan

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Tés mangrupa runtuyan patalékan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, inteligénsi, kamampuh, atawa bakat-bakat anu aya dina unggal individu/kelompok (Arikunto, 2010:266).

Ieu tés dilakukeun ku cara ngalaksanakeun pratés jeung postés. Pratés digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi saméméh ngagunakeun Stratégi *writing in the here and now*, sedengkeun postés digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi sanggeus ngagunakeun Stratégi *writing in the here and now*.

Tés anu dilakukeun miboga tujuan pikeun mikanyaho efektif-henteuna Stratégi *writing in the here and now* dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Tujuan ahirna nya éta data-data siswa dianalisis dumasar kana data hasil panalungtikan ka siswa.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Pikeun ngabuktikeun hipotésis jeung ngajawab masalah dina Bab 1, data anu geus dikumpulkeun téh dikokolakeun maké sababaraha prosedur, anu ngawengku: (1) Meunteun hasil pratés jeung postés; jeung (2) Uji sipat data.

3.6.2.1 Meunteun Hasil Pratés jeung Postés

Pikeun meunangkeun hiji data, aya sababaraha kriteria nu bakal diajén tina hasil nulis karangan éksposisi. Hasil nulis karangan éksposisi siswa diajén dumasar kana aspék-aspék ieu di handap.

1) Kualitas jeung Lingkup Eusi

Kualitas jeung lingkup eusi nya éta mariksa gagasan dina tulisan anu disusun ku murid.

2) Organisasi jeung Tampilan Eusi

Organisasi jeung tampilan eusi nya éta ngawengku runtuyan kalimah anu sinambung antara kalimah kahiji jeung kalimah satuluyna, antara paragraf kahiji jeung paragraf saterusna.

3) Gaya Basa

Gaya basa nya éta milih gaya sarta tulisan anu merenah, katitén tina ngagunakeun kalimah anu éféktif sarta ngagunakeun basa anu bener.

4) Wangun Gramatikal

Wangun gramatikal nya éta kalimah anu ditulis ku murid. Fungsi kalimah ngawengku jejer (subyéék), carita (prédikat), salaku unsur anu wajib aya, sarta udagan (obyék), panglengkep, jeung katerangan.

5) Éjahan

Éjahan dipuseurkeun dina ngagunakeun hurup kapital, ngamimitian dina nulis, ngagunakeun rarangkén hareup, jeung dina makéna tanda baca.

6) Karapihan Tulisan

Karapihan tulisan mangrupa tampilan luar, nya éta tulisan hasil murid anu bisa dibaca kalayan ngagunakeun hurup anu jelas.

Sangkan leuwih jéntré, éta pedoman ngajén téh baris digambarkeun saperti dina ieu tabél di handap.

Tabél 3.1

Pedoman Meunteun Nulis Karangan Éksposisi

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Keterangan
Kualitas jeung Lingkup Eusi	5	Hadé pisan	Ngarti pisan, pinuh ku gagasan, luyu pisan jeung topik, jéntré pisan
	4	Hadé	Ngarti, pinuh ku gagasan nu alus, luyu jeung topik, jéntré
	3	Sedeng	Ngarti kalawan ngawates, gagasan ngawates, jéntré kalawan ngawates
	2	Kurang	Kurang ngarti, kurang gagasan, kurang jéntré
	1	Kurang pisan	Teu ngarti, miskin gagasan, teu keuna jeung jejer
Organisasi	5	Hadé pisan	Eusi lengkep pisan, rinci pisan, logis, kohési

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Keterangan
jeung Tampilan Eusi	4	Hadé	luhur pisan Eusi lengkep, rinci, urutan logis, kohési kurang luhur
	3	Sedeng	Eusi lengkep, kurang rinci, urutan logis, kohési kurang luhur
	2	Kurang	Eusi teu lengkep, kurang rinci, kurang logis, kohési teu luhur
	1	Kurang Pisan	Eusi kurang pisan, teu rinci, urutan teu logis, teu aya kohési
Gaya Basa	5	Hadé pisan	Merenah pisan, éféktif pisan, ngawasa pisan milih kecap anu merenah
	4	Hadé	Merenah, éféktif, milih kecap merenah saeutik salahna
	3	Sedeng	Merenah kalawan ngawates, éféktif, milih kecap merenah, aya kasalahan
	2	Kurang	Kurang merenah, kurang éféktif, kurang ngawasa milih kecap, loba kasalahan
	1	Kurang pisan	Teu merenah, teu éféktif, teu paham milih kecap, loba pisan kasalahan
Wangun Gramatikal	5	Hadé pisan	Nyusun kalimah komplék, ngawasa pisan tatabasa
	4	Hadé	Nyusun kalimah basajan, saeutik kasalahan tatabasana, kurang ngandung ma'na
	3	Sedeng	Nyusun kalimah basajan, loba kasalahan tatabasa
	2	Kurang	Hésé nyusun kalimah basajan, loba kasalahan tatabasa ngawurkeun ma'na
	1	Kurang	Teu ngawasa nyusun kalimah, teu

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Keterangan
		pisan	komunikatif, teu cukup dipeunteun
Éjaan	5	Hadé pisan	Ngawasa pisan kaédah dina nulis kecap, teu aya kasalahan
	4	Hadé	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, saeutik aya kasalahan
	3	Sedeng	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, kasalahan teu loba pisan
	2	Kurang	Kurang ngawasa kana kaédah dina nulis kecap, loba pisan kasalahan
	1	Kurang pisan	Teu ngawasa kana kaédah nulis, teu cukup pikeun dipeunteun
Karapihan Tulisan	5	Hadé pisan	Alus pisan, rapih, babari kabaca, beresih
	4	Hadé	Rapih, kabaca, saeutik corétan
	3	Sedeng	Kurang rapih, kabaca, loba corétan
	2	Kurang	Teu rapih, loba anu teu kabaca, loba corétan, kotor
	1	Kurang pisan	Teu rapih, tulisan teu kabaca
Jumlah Skor	6-30		

Skala Likert (Riduan & Sunarto, 2009:20)

Kacindekan skor

Hadé pisan : 30-27

Hadé : 26-23

Sedeng : 22-18

Kurang : 17-12

Kurang pisan : 11-6

Ika Sartika, 2013

Stratégi Writing In The Here And Now Pikeun Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sanggeus méré skor dumasar kana aspék anu aya dina tabél di luhur, pikeun nangtukeun peunteun ahir karangan éksposisi siswa, digunakeun pedoman meunteun ngagunakeun rumus:

$$n = \frac{\text{skor anu kahontal}}{\text{skor anu ideal}} \times 100$$

Tabel 3.2

Kategori Kaparigelan Nulis Karangan Éksposisi

No.	Peunteun	Kategori
1.	>75	Mampuh
2.	<75	Can Mampuh

3.6.2.2 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas.

1) Uji Normalitas

Pikeun ngayakinkeun yén data téh miboga sipat anu normal atawa henteu, bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (x^2). Anapon léngkah-léngkahna:

- (1) Nyieun tabél frékuénsi skor pratés jeung postés kalayan ngagunakeun tabél saperti ieu dihandap.

Tabel 3.3

Frékuénsi Peunteun Pratés

Skor (x)	f	fx	fx^2
1			
2			
Σ			

- (2) Nangtukeun rata-rata (mean) skor pratés jeung postés, ngagunakeun rumus:

$$M = \frac{\Sigma fx}{\Sigma f}$$

Ika Sartika, 2013

Stratégi Writing In The Here And Now Pikeun Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- (3) Néangan standar déviiasi (SD), ngagunakeun rumus:

$$SD = \frac{\sqrt{N(\sum fx^2) - (\sum fx)^2}}{N(N-1)}$$

K

SD = Standar Deviasi

N = Jumlah Subjek Panalungtikan

$\sum fx^2$ = Jumlah frekuensi nilai x

$(\sum fx)^2$ = Jumlah frekuensi nilai x dikuadratkeun

- (4) Nyieun daptar frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi anu ngawengku:

- a) Nangtukeun jumlah kelas (k), ngagunakeun rumus:

$$k = \frac{r}{p} + \leq 1 \text{ atawa } k = 1 + 3,33 \text{Log}$$

- b) Nangtukeun rentang (r), ngagunakeun rumus:

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$$

- c) Nangtukeun jembar kelas (p), ngagunakeun rumus:

$$p = \frac{r}{k}$$

- d) Ngitung nilai tengah antar interval batas kelas handap (bk handap) jeung batas kelas hulur (bk luhur)

- e) Nangtukeun transformasi normal standar bébas kelas (z), ngagunakeun rumus:

$$z = \frac{(bk - M)}{SD}$$

f) Nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L), ngagunakeun rumus:

$$L = Z_{2\text{tabel}} - Z_{1\text{tabel}}$$

g) Nangtukeun rumus-rumus frékuénsi ékspéntal (E_i), ngagunakeun rumus:

$$E_i = L \times N$$

h) Nangtukeun nilai *chi kuadrat* (χ^2), ngagunakeun rumus:

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

i) Nangtukeun derajat kabébasan (dk), ngagunakeun rumus:

$$dk = k - 3$$

j) Tina hasil léngkah-léngkah di luhur bisa diasupkeun kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.4

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspétasi Praté

Kelas	O _i	BK Handap	BK Luhur	Z ₁	Z ₂	Z ₁ Tabél	Z ₂ Tabél	L	E _i	χ^2
1.										
2.										
Σ										

k) Nangtukeun normalitas distribusi ngagunakeun rumus:

$$\chi^2_{itung} \leq \chi^2_{tabel}, \text{ hartina distribusi data normal}$$

$$\chi^2_{itung} \geq \chi^2_{tabel}, \text{ hartina distribusi data teu normal}$$

(Arikunto, 2006:317)

2) Uji Homogénitas

Sarua jeung uji normalitas, pikeun nangtukeun homogén henteuna data ogé ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (x^2). Anapon léngkah-léngkahna nya éta:

- (1) Nangtukeun skor variabel X sewang-sewangan kelompok pratés jeung postés
- (2) Nangtukeun variansi masing-masing kelompok, ngagunakeun rumus:

$$S^2 = \frac{n \cdot \sum fx^2 - (\sum fx)^2}{n(n-1)}$$

- (3) Hasil tina variansi diasupkeun kana distribusi F, ngagunakeun rumus:

$$F = \frac{s^2b}{s^2k}$$

Katerangan:

F = Harga varian nu rék ditéang

s^2b = varian nu panggedéna (Standar deviasi panggedéna)

s^2k = varian nu pangleutikna (Standar deviasi pangleutikna)

- (4) Ngitung derajat kebébasan (db), ngagunakeun rumus:

$$Db = n - 1$$

Katerangan:

Db = Derajat kebébasan

$n - 1$ = ukuran sampel

- (5) Nangtukeun harga F tabél
- (6) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria:

$F_{itung} < F_{tabel}$, hartina variansi populasi homogén

$F_{itung} > F_{tabel}$, hartina variansi populasi teu homogén

(Arikunto, 2006:321)

3) Uji Gain

Pikeun nguji gain, baris ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.5

Uji Gain Tingkat Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi Kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung Ngagunakeun Stratégi *Writing In The Here And Now*

No.	Praté	Postés	Σ	d	d ²

Uji gain dilaksanakeun pikeun ngabandingkeun rata-rata peunteun pratés jeung pascaté.

4) Uji Hipotésis

Uji hipotésis (*t*) dilaksanakeun upama data populasi mibanda distribusi normal tur variansi homogén. Uji *t* digunakeun pikeun nguji signifikasi béda dua rata-rata (*méan*) nu diancokeun pikeun ngabuktikeun hipotésis. Anapon léngkah-léngkahna saperti ieu dihandap:

- (1) Néangan béda méan tina pratés jeung postés, ngagunakeun rumus:

$$Md = \frac{\Sigma d}{N}$$

- (2) Nyieun tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung postés

Tabél 3.6

Uji Jumlah Rata-rata Pratés jeung Postés

No	Praté	Pascaté	d	d ²	xd (d-Md)

(3) Ngitung derajat kabébasan (db), ngagunakeun rumus:

$$db = n - 1$$

(4) Ngitung t itung, ngagunakeun rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

(5) Ngabuktikeun hipotésis, ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

Katerangan:

Md = méan tina déviiasi (d) antara pratés jeung pascatés

$\sum x^2 d$ = t itung

N = jumlah siswa/subjék

(Arikunto, 2006:86)

Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$, hartina hipotésis ditarima yén aya béda anu signifikan antara hasil prates jeung postes nulis karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Negeri 35 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi *writing in the here and now*.

Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$, hartina hipotésis ditolak yén teu aya béda anu signifikan antara hasil prates jeung postes nulis karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Negeri 35 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi *writing in the here and now*.